**दिन–मंगलवार** **दिनांक–17.09.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक नेतृत्वबला सरकार तेसर कार्यकालक आइ सय दिन पूरा कऽ लेलक। प्रधानमंत्री जनौलनि जे हुनक तेसर कार्यकालक पहिल सय दिन सभ लेल विकास लऽकऽ आयल। ओ जनौलनि जे एहि बीच कतेको पैघ–पैघ निर्णय लेल गेल। ईसभ निर्णय सँ लोक सभक जिनगी पर बढ़िया असरि पड़ल आओर दू हजार सैंतालीस धरि विकसित भारतक लेल एक मजगूत नींव पड़ल। ओडिसा मे एक कार्यक्रम के संबोधित करैत श्री मोदी जनौलनि जे देश– महिला, किसान, युवा, गरीब आओर मध्य वर्गक लोक सभक मददि सँ तेज गति सँ विकसित राष्ट्र बनय लेल बढ़ि रहल अछि।

---

देशभरि मे **स्वच्छता ही सेवा** अभियान आइ सँ शुरू भेल जे दू अक्टूबर गांधी जयंती धरि चलत। एहि वर्ष अभियानक विषय अछि– **स्वभाव स्वच्छता –संस्कार स्वच्छता।** ई

अभियान मे पर्यटन स्थल, सार्वजनिक भवन, व्यवसायिक क्षेत्र, जलाशय, चिड़ियाघर, अभ्यारण्य आओर सामुदायिक आ सार्वजिनक शौचालय सहित कतेको ठाम श्रमदान आओर सामुहिक रूप सँ पैघ स्तर पर साफ–सफाई कयल जायत। एम्हर, प्रदेश मे विभिन्न जिला मुख्यालय आओर संस्थान सभ मे ई अभियान मे श्रमदान कयल गेल आओर लोकसभ स्वच्छताक शपथ लेलनि।

———————————————————————————————

एम्हर, ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार हाजीपुर मे स्वच्छता ही सेवा कार्यक्रमक उद्घाटन कयलनि। एहि मौका पर श्री कुमार जन प्रतिनीधि, स्वयं सहायता समूहक सदस्य आओर स्वच्छता पर्यवेक्षक सभक संग संवाद सेहो कयलनि। ओ कतेको कल्याणकारी योजनाक लाभार्थी सभक बीच प्रधानमंत्री आवास योजना ग्रामीणक स्वीकृति पत्र, आवासक कुंजी आओर आयुष्मान कार्ड सेहो बांटलनि। पश्चिम चंपारण जिलाक बगहा मे कार्यपालक पदाधिकारीक देखरेख मे स्वच्छता ही सेवा अभियान महारैलीक आयोजन कयल गेल।

———————————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक आइ जन्मदिन अछि। श्री मोदीक चौहतरम जन्मदिवसक मौका पर कतेको राजनीतिक आओर सामाजिक लोकसभ हुनका बधाई देलनि अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आओर उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ प्रधानमंत्री के जन्मदिवसक शुभकानमा देलनि

अछि। राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार प्रधानमंत्री के जन्मदिवसक शुभकामना दैत हुनक दिर्घायु आओर स्वस्थ्य जीवनक कामना कयलनि अछि। एहि अवसर पर प्रदेश भाजपा सेवा पखवाड़ा मे पटनाक पार्टी कार्यालय मे श्री मोदीक जिनगी पर आधारित प्रदर्शनी आओर रक्तदान कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। एहि अवसर पर पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल जनौलनि जे प्रधानमंत्रीक जिनगी सभ लेल प्रेरणादायक अछि।

———————————————————————

केन्द्रीय कपड़ा मंत्री गिरिराज सिंह आइ बेगूसरायक देवना मे नेशनल इंस्टीच्यूट ऑफ फैशन टेक्नोलॉजी, निफ्टक एक्सटेंशन ब्रांचक शुभारंभ कयलनि।

———————————————————————

विश्व प्रसिद्ध पितृपक्ष मेला आइ सँ गया मे शुरू भऽ गेल। जे दू अक्टूबर धरि चलत गया मे उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा, जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी, सहकारिता मंत्री प्रेम कुमार, भू–राजस्व मंत्री आओर भाजपा प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल संयुक्त रूप सँ मेलाक उद्घाटन कयलनि। अपन पुर्वजक मोक्ष प्राप्तिक कामना के लऽकऽ पिण्डदान करबाक लेल देश–विदेश सँ श्रद्धालु सभ पैघ संख्या मे गया अवैत छथि। ओतहि, त्रिपाक्षिक

श्राद्ध करयबला बेसी पिण्डदानी सभ गया धाम आबि गेल छथि। एम्हर, पटनाक पुनपुन मे सेहो पितृपक्ष मेला शुरू भऽ गेल। गया मे पिण्डदान करय सँ पहिने श्रद्धालु सभ पुनपुन नदी कात अपन पितरक आत्माक शांति लेल पिण्डदान आओर तर्पण करैत छथि।

———————————————————————————

मॉनसूनक सक्रियताक कारण राज्यक दक्षिणी क्षेत्र मे कतेको ठाम मध्यम सँ भारी बरखा भेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच अघबारा मे सभ सँ बेसी पंचानवे दशमलव दू मिलीमीटर बारिश भेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे आइ रोहतास आओर कैमूर जिला मे एक–दू ठाम भारी बारिस भऽ सकैत अछि।

———————————————————————————

सृष्टिक सृजनकर्त्ता भगवान विश्वकर्माक पूजा–अर्चना आइ श्रद्धा पूर्वक उल्लासक संग कयल जा रहल अछि। भगवान विश्वकर्मा के निर्माण आओर सृजनक देवता मानल जायत अछि। एहि अवसर पर प्रदेश भरिक इंजीनियरिंग प्रतिष्ठान, कारखाना, वर्कशॉप आओर गैराज सभ मे सेहो पूजा–पाठ कयल जा रहल अछि। आकाशवाणी पटनाक इंजीनियरिंग विभाग मे सेहो विश्वकर्मा पूजा भऽ रहल अछि। हमर संवाददाता सभ जनौलनि अछि जे जिला सभ मे

सेहो विश्वकर्मा पूजा श्रद्धाक संग मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसर पर कतेको ठाम सांस्कृतिक कार्यक्रमक आयोजन सेहो कयल गेल अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी विश्वकर्मा पूजा पर लोकसभ के शुभकामना देलनि अछि। राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो लोकसभ के बधाई आओर शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————————

आइ अनंत पूजा कयल गेल। श्रद्धालु सभ भाद्रक शुक्ल पक्षक चतुर्दशी कऽ भगवान विष्णुक अनंत स्वरूपक पूजा–अर्चना करैत छथि। एहि के अनंत चौदस नाम सँ सेहो जानल जायत अछि। भगवान विष्णुक पूजा–पाठक बाद श्रद्धालु सभ चौदह गाँठक अनंत सूत्र बान्हैत छथि।

———————————————————————

प्रदेशक दक्षिण–पश्चिम क्षेत्र संग–संग पड़ोसी राज्य सभ मे भऽ बरखाक कारण गंगा सहित बेसी नदिक जलस्तर बढ़ि रहल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ भेटल जनतबक अनुसार गंगा नदिक जलस्तर बक्सर, पटना, भागलपुर, मुंगेर सहित राज्य मे कतेको ठाम बढ़ल अछि। एम्हर, सोन नदिक जलस्तर रोहतासक इंद्रपुरी, भोजपुरक कोयलबर आओर पटनाक मनेर मे बढ़ि रहल अछि। घाघरा नदी सीवानक दारौली मे खतराक निशान सँ एक

मीटर ऊपर बहि रहल अछि। बूढ़ी गंडक नदिक जलस्तर खगड़िया मे लाल निशान सँ आधा मीटर ऊपर बनल अछि।

---

समाप्त